



Lekòl Piblik Somerville Pwogram Preskolè Entèvansyon Early Childhood (ECIP)

Michael E. Capuano Early Childhood Center

8:30 am - 1:45 pm 4 fwa pa semène,

Lendi, Madi, Jedi ak Vandredi

ECIP Enfòmasyon Parèy

Kisa ECIP ye?

Pwogram Entèvansyon Early Childhood (ECIP) Se yon pwogram preskolè ki nan Lekòl Piblik Somerville ki sèvi timoun ki gen 3-5 an toude avèk oubyen san Plan Edikasyon Endividyèl (IEP). Genyen kat klas entegre chak klas ap gen 15 elèv, yo idantifye mwens ke mwatye nan elèv sa-yo bezwen èd espesyal.

Ki Moun kise yon Parèy Kominotè?

Elèv yo ki san plan endividyèl (IEP) yo sèvi kòm parèy pou elèv yo ki andikap yo nan pwogram ECIP a. Timoun ki konn Jwe byen epi antann yo ak lòt timoun, ki pale trè klè sèvi kòm bon parèy pou kominike ak lòt timoun ki gen difikilte yo. Si pitit ou a gen Plan Edikasyon endividyèl (IEP) li pa elijib pou li antre nan ECIP loteri a.

Pou nou kapab konsidere pitit ou kòm yon parèy nan pwogram ECIP ou sipozè abite nan Somerville, pitit ou sipoze gen 3 zan vè 28 Fevriye epi pa kalifye pou Pwogram Preskolè Smile la. Timoun ki ap gen 4 an vè 31 Out yo kapab enskri pou Pwogram Preskolè SMILE Lekòl Piblik Somerville yo. Timoun nan sipoze ale nan twalèt poukont li. Si ou enterese pou pitit ou an patisipe nan loteri pou sèvi kòm yon parèy ou kapab vini nan reyinyon enfòmasyonèl la (Lè a ak lokal anba lis la) ouswa pase nan Sant Enfòmasyon Paran pou pran fòm nan ouswa ale sou Sit Entènèt Lekòl Piblik Somerville yo.

Reyinyon Enfòmasyonel /Dat limite pou fòm Loteri

N'ap fè 2 reyinyon nan lekòl Capuano pou eksplike pwogram ECIP a epi pou ba ou plis detay sou loteri a:

Mèkredi, 30 Janvyè, 2019 a 5:00 pm

epi

Jedi, 31 Janvyè, 2019 a 9:00 am

N'ap distribye fòm loteri a nan lè sa a. Ou kapab vinn pran fòm sa - a nan Sant Enfòmasyon Paran pandan lè lekòl yo 7:30 am – 3:30 pm epi y'ap disponib tou sou sit entènèt Lekòl Piblik Somerville yo nan(www.k12.somerville.ma.us). Ou sipoze ranpli tout fòm loteri yo epi retounen yo anpèsòn bay Nancy Holmes nan Sant Enfòmasyon Paran vè 12:00 pm Jedi, 28 Fevriye, 2019. Nou pral fè yon lotri 6 Mas, 2019 a 9:00 am nan Sant Enfòmasyon Paran. N'ap fè paran yo konnen pa email/ lapòs si yo chwazi pitit yo a kòm yon parèy epi pou bay ou yon randevou pou yon evalyasyon devlopmanntal. Tout lòt timoun yo prale sou yon lis datant epi n'ap fè ou konnen pa email/mail nimewo w sou list datant la. Si ou bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte Nancy Holmes nan 617-629-5670.

